

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan ngaregepkeun mangrupa salahsahiji tina opat aspék pangajaran basa, anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Éta opat aspék kaparigelan téh moal bisa dipisahkeun dina pangajaran basa.

Pangajaran ngaregepkeun dina kanyataanna, kurang diperhatikeun ku siswa atawa sok diapilainkeun. Dumasar hasil pangamatan Gustiar (2013, kc. 73-74) aya sababaraha masalah anu nyangkaruk dina pangajaran ngaregepkeun, di antarana: (1) siswa kurang paham ngeunaan pentingna kaparigelan ngaregepkeun hususna dina pangajaran ngaregepkeun dongéng; (2) nepikeun materi anu teu ngirut ngabaluarkeun siswa jadi kurang antusias; (3) media pangajaran masih minim; jeung (4) téknik pangajaran dina ngaregepkeun kurang variatif. Éta hal anu ngabaluarkeun kurangna kamampuh siswa dina ngaregepkeun. Lian ti éta, aya ogé masalah ngeunaan ngaregepkeun numutkeun (Arono, 2013, kc. 130-131) yén nalika guru nerapkeun kompetensi pangajaran di kelas, sési ngaregepkeun sok ditéréhkeun atawa dikurangan. Kaparigelan ngaregepkeun siswa tara dipeunteun, ngabaluarkeun siswa can mampuh ngaregepkeun. Dumasar kana hasil wawancara anu dilaksanakeun di SMP Negeri 1 Bandung, langsung ka guru basa Sunda, kaparigelan ngaregepkeun dongéng téh dianggap hésé. Faktor nu ngabaluarkeunana nyaéta siswa loba anu can bisa ngagunakeun kekecapan anu merenah, siswa kurang maham kana eusi dongéng lantaran dongéng mah aya kekecapan anu kurang dipikaharti ku siswa. Salian ti éta hal aya ogé, kurangna minat siswa dina maca, hususna dina maca dongéng, ieu hal lantaran siswa téh kurang resep kana dongéng. Dumasar kana pédaran di luhur, bisa dicindekkeun yén kaparigelan ngaregepkeun mangrupa kaparigelan anu utama, tapi diapilainkeun boh ku guru boh ku siswa.

Dina kurikulum 2013 disebutkeun yén aya 22 kompetensi dasar (KD) anu kudu dikawasa ku siswa dina kaparigelan basa jeung sastra jenjang SMP/Mts. Salah sahijina di kelas VII-6 aya pangajaran ngaregepkeun dongéng, anu kompetensi dasarna:

7.3.5 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis DONGENG sesuai dengan kaidah-kaidahnya

Mata pelajaran ngaregepkeun dongéng nyaéta pangajaran anu mikabutuh pamahaman anu jero jeung komprehénsif (Gustiar, 2013, kc. 73). Kitu deui dina pangajaran ngaregepkeun dongéng, siswa nganggap yén ngaregepkeun dongéng téh hésé, sabab dipangaruhan ku sababaraha faktor, nya éta: (1) siswa sok ngarasa tunduh nalika guru/siswa séjén ngadongéng di hareup lantaran teu saregep dina ngaregepkeunna, jeung (2) stratégi atawa modél anu dipaké ku guru teu saluyu jeung matéri ajarna. Biasana dina pangajaran ngaregepkeun dongéng, guru ngagunakeun métode ceramah atawa konvensional, guru atawa siswa séjén macakeun atawa ngadongéng di hareupeun kelas, moal cukup ku sakali lawungan lamun siswa dipiharep bisa maham sababaraha dongéng, sarta siswa sok ngarasa tunduh jeung bosen. Ku kituna, dina pangajaran ngaregepkeun dongéng ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together (NHT)* dipiharep siswa mampuh maham eusi sarta unsur-unsur anu ngawangun dongéng tina sababaraha dongéng kalayan éféktif. Nurutkeun (Slavin dina Huda, 2017, kc. 203, udagan pangajaran *Numbered Heads Together (NHT)* nyaéta siswa boga luang pikeun méré sawangan jeung tinimban patalékan anu pangbenerna. Salian pikeun ningkatkeun gawé jeung siswa, *Numbered Heads Together (NHT)* ogé bisa dilarapkeun pikeun kabéh mata pelajaran jeung tingkatan kelas.

Modél pangajaran *Numbered Heads Together (NHT)* kasebut modél pangajaran anu inovatif dina pangajaran ngaregepkeun dongéng. Sabab dina modél pangajaran *Numbered Heads Together (NHT)* galur dina proses diajar, asalna lain ngan saukur ti guru ka siswa, tapi nu asalna ti siswa ogé bisa, nyaéta ku cara saperti: 1) silih ngajar jeung siswa séjénna, 2) siswa bisa silih méré hasil jeung informasi sacara langsung nyaritakeun dihareup ngeunaan dongéng jeung kelompok séjén, sarta 3) bisa ngarahkeun siswa diajar aktif tur gawé bareng jeung babaturan kelompokna. Ieu tujuan panalungtikan pikeun ngukur éféktif atawa henteuna modél pangajaran *Numbered Heads Together (NHT)* dina ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun siswa.

Aya sababaraha panalungtikan saméméhna ngeunaan model *Numbered Heads Together (NHT)* nyaéta panalungtikan ku Nuraeni (2014) anu

Dais Nurhalisa, 2019

MODÉL NUMBERED HEADS TOGETHER DINA PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DONGÉNG (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository | Perpustakaan.upi.edu

judulna “*Modél Pangajaran Numbered Heads Together (NHT) pikeun Ngronjatkeun kamampuh Nulis Paparikan*”, digunakeun dina pangajaran nulis paparikan aya pangaruh anu signifikan kana kamampuh nulis siswa. Dumasar conto panalungtikan di luhur, modél *Numbered Heads Together (NHT)* mangrupa modél pangajaran anu geus kabukti aya pangaruh anu signifikan sarta éféktifna dina pangajaran basa.

Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “*Modél Numbered Heads Together (NHT) Dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung)*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara hal anu bisa diidentifikasi pikeun ditalungtik, nyaéta:

- a. siswa kurang bisa ngagunakeun kekecapan anu merenah, sarta kurang maham kana eusi dongéng lantaran dongéng mah aya kekecapan anu kurang dipikaharti ku siswa. Salian ti éta hal, kurangna minat siswa dina maca, hususna dina maca dongéng;
- b. guru mata pelajaran kurang mibanda ngalarapkeun variasi modél pangajaran. Salah sahijina model *Numbered Heads Together*, masih kénéh ngagunakeun métodeu ceramah, anu antukna kurang ngirut pikeun siswa hususna dina kamampuh ngaregepkeun dongéng.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar identifikasi masalah dina ieu panalungtikan di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung saméméh ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*?
- b. Kumaha kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*?

Dais Nurhalisa, 2019

MODÉL NUMBERED HEADS TOGETHER DINA PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DONGÉNG (*Studi Kuasi Ekspérimén Ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2018/2019*)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository | Perpustakaan.upi.edu

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung pasualan anu geus dipedar di luhur, tujuan ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngukur efektif atawa henteuna modél *Numbered Heads Together (NHT)* dina ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun siswa.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun :

- a. kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung saméméh ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*;
- b. kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together Numbered (NHT)*; sarta
- c. bédana anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis anu kaunggel di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Dipiharep dina ieu panalungtikan bisa méré mangpaat, pikeun nyampurnakeun pangajaran di sakola, anu mangrupa ruang lingkup tina pangajaran basa Sunda di sakola. Hasil tina ieu panalungtikan dipihareup bisa mekarkeun pangaweruh jeung téori pangajaran pikeun milih modél pangajaran.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun guru, modél *Numbered Heads Together (NHT)* bisa dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda sangkan bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran di kelas. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa dijadikeun pedoman pikeun ngawujudkeun kaayaan kelas anu nyaman dina ngagunakeun modél pangajaran di kelas.

- b. Pikeun siswa, dipiharep siswa bisa meunangkeun pangalaman jeung pangaweruh dina kagiatan diajar. Modél *Numbered Heads Together (NHT)* ngaronjatkeun pangaweruh, pamahaman matéri diajar siswa dina pangajaran basa Sunda.
- c. Pikeun panalungtik, panalungtik bisa manggihan salasahiji modél pangajaran anu inovatif jeung kréatif pikeun pangajaran basa Sunda anu patali jeung kamampuh ngaregepkeun siswa pikeun nalungtik éféktifitas tina ieu modél pangajaran di sakola.
- d. Pikeun sakola, hasil ieu panalungtik dipihareup bisa méré mangpaat pikeun kepala sakola jeung komite sakola pikeun bahan ngaronjatkeun kualitas pangajaran, hususna dina pangajaran basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. BAB I, BAB II, BAB III, BAB IV, jeung BAB V.

BAB I, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

BAB II, eusina ngeunaan ulikan pustaka, raraga mikir, jeung hipotésis anu aya patalina jeung masalah panalungtikan.

BAB III, eusina ngeunaan métodeu panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, partisipan jeung tempat panalungtikan, instrumen panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV, eusi ngeunaan data jeung analisis data nu patalina jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan sarta pedaran hasil analisis.

BAB V, eusina mangrupa kacindekan jeung rékoméndasi.

Dais Nurhalisa, 2019

MODÉL NUMBERED HEADS TOGETHER DINA PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DONGÉNG (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository | Perpustakaan.upi.edu